

# Fè reklamasyon pou lajan w lan



Li posib pou w kalifye pou jouk **\$6 000** osinon pi plis nan tax refund (ranbousman enpo) ou an lè w fè deklarasyon pou **Earned Income Tax Credit** ak **Child Tax Credit**

1

## Kouman pou jwenn yon kote pou fè rapò sou enpo GRATIS\*

Gade nan [irs.treasury.gov/freetaxprep](https://irs.treasury.gov/freetaxprep) osinon rele nimewo **800-906-9887**.

2

## Gade pou w wè si w kalifye

Pou w ka konnen konbyen ou kapab resevwa, gade nan [eitcoutreach.org/help](https://eitcoutreach.org/help).

3

## Fè rapò sou enpo ou yo

Vizite yon local gratis anvan 15 avril pou deklare taks ou epi resevwa lajan w nan fòm yon ranbousman taks.

\*Ou ka toujou fè reklamasyon pou kredi nan enpo si w pa kapab jwenn yon kote ki pre w pou w sa fè rapò sou enpo.

### ***Ki lè w ap fè rapò sou enpo ou yo?***

Nan ki dat:

Ki lè:

Adrès:

Telefòn:

Ale nan [eitcoutreach.org/help](https://eitcoutreach.org/help) osinon rele IRS nan nimewo **1-800-829-1040** pou w kapab jwenn plis enfòmasyon.

# ÈSKE M KALIFYE?

Toulède Earned Income Tax Credit ak Child Tax Credit se benefis enpo pou moun ki travay. Li posib pou w dwe mwens enpo epi resevwa ranbousman lajan kach!

Lè w fè reklamasyon pou kredi sa yo li p ap gen konsekans sou kalifikasyon w pou lòt benefis kou SNAP (food stamp), SSI, Medicaid, èd monetè osinon lojman piblik. 12 mwa apre w resevwa ranbousman an, konnen ranbousman ki te sere, p ap gen valè nan limit byen/resous pwogram sou benefis gouvènman federal la finanse.

## SI W GEN PITIT

- Laj:** Pou *EITC*, timoun yo dwe gen mwens pase 19 lane nan fen lane 2019 lan (sa ki etidyan plentan gen dwa gen mwens pase 24 lane epi timoun ki konplètman andikape oswa andikpae an pèmanans ka nan nenpòt ki laj). Pou *CTC*, timoun yo dwe gen mwens pase 17 lane nan fen lane 2019 la.
- Rezidans:** Timoun yo dwe ap rete avèk ou pandan plis pase mwatye nan lane 2019 la.
- Revni pou lane 2019 :** Pou *CTC*, si w touche plis pase \$2 500, alò ou gen dwa fè reklamasyon pou yon kredi pou jouk \$2 000 pou chak pitit. Pou *EITC*, salè w dwe pou l pi piti pase limit ki make la yo:

Timoun	Selibatè	Marye	EITC jouk nan:
1	\$41 094	\$46 884	\$3 526
2	\$46 703	\$52 493	\$5 828
3 oubyen plis	\$50 162	\$55 952	\$6 557

**Avèk kisa pou w ale nan kote pou m fè rapò gratis sou enpo (free tax site) a**

- Pyès didantite valab ki gen foto w
- Kat sekirite sosyal, lèt ki pwouve nimewo sekirite sosyal ou a, osinon ITIN
- Dokiman W-2 osinon 1099
- Dokiman 1095-A

## SI W PA GEN PITIT

- Laj:** Se pou w gen ant 25 a 64 an.
- Revni pou lane 2019 la:** Si w touche mwens pase \$15 570 (\$21 370 si w marye), alò li posib pou w resevwa yon ranbousman EITC jiska \$529.

## SI W PA SITWAYEN AMERIKEN

- EITC:** Oumenm, mari osinon madanm ou, ak nenpòt timoun ou mete nan reklamasyon ou yo dwe pou yo gen yon bon nimewo sekirite sosyal.
- CTC:** Ou menm ak konjwen w dwe genyen yon Nimewo sekirite sosyal osinon yon Nimewo idantifikasyon kontribyab individyèl (ITIN). Ou menm, mari osinon madanm ou, ak nenpòt timoun ou mete nan reklamasyon w yo dwe genyen yon bon Nimewo sekirite sosyal.

## Asirans maladi

Li posib ke w elijib pou asirans sante gratis oswa a ba pri atravè Medicaid oubyen avèk Premium Tax Credit. Ou ka anrejistre pou Medicaid nenpòt ki moman ou pare oswa nan sit [HealthCare.gov](http://HealthCare.gov) apati 1ye novanm 2019 rive 15 desanm 2019. W ap jwenn plis enfòmasyon nan nimewo

**1-800-318-2596** osinon nan **[www.HealthCare.gov](http://www.HealthCare.gov)**.